

3 jen 2020

Chè fanmi,

Li difisil pou nou sonje yon lòt tan ki otan tèrib ak dechiran pase dènye jou sa yo. Asasina George Floyd nan men ofisye polis yo semèn psase a te òrib. Kè m ap rache. Men, tankou oumenm, mwen pa etone. Nou konn wè mepri abominab sa a deja pou lavi moun nwa anpil fwa avan, ladan plizyè fwa nan semèn sa yo. Li vrèman tris pou wè; se yon lòt pandemi ki prezan nan lari Etazini.

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) kondane britalite polis ak lanmò brital sa a. Kè m ap rache pou konnen yon lòt fanmi nwa pèdi yon pitit gason, yon papa oswa yon frè. Mwen fè solidarite avèk moun nwa ak Ameriken nwa ki abite Nouyòk epi avèk tout moun k ap kriye akoz yon lòt lanmò ki pa gen sans. Doulè a gaye ak fè bri nan tout kominote ki nan tout Vil la. Mwen kanpe avèk nou tout pandan nou konte sou tout moun endividyèlman ak kolektivman pou enjistis trajik sa a. Manifestasyon k ap fèt nan senk borough yo ak nan prèske 140 vil nan peyi a se demonstrasyon soufrans ak volonte pou yon mond ki meyè.

Li difisil anpil pou yon paran oswa yon moun k ap bay swen kounye a: goumen ak emosyon, chèche mezi ki sanble sèvis ak grandè nou bezwen nan moman sa a, epi panse mwayen pou kòmanse oswa apwofondi konvèsasyon avèk timoun ak fanmi sou ensidan òrib ki resan yo ak sou rasis nan sistèm kote yo boujonnen an —tout bagay sa yo anmenmtan. Doulè a ak batay la reyèl.

Pou kominote minoritè yo, doulè sa a pa nouvo. Li nan kò, lespri ak nan kè plizyè milyon moun ak Ameriken k ap viv Nouyòk depi plizyè jenerasyon—paske vyolans rasis ap rive depi lontan.

Rasis lakoz tou nouvo domaj nan lòt fason chak jou paske se yon sistèm—li rantre byen fon nan konpozisyon enstitisyon nou yo, nan ekonomi nou an ak nan sistèm ki konpoze kominote nou pataje a. Se yon reyalyte nan Vil Nouyòk, menmsi nou pwogresis ak dinamik, ladan sistèm lekòl leta nou an.

Nan DOE nou di l epi n ap kontinye di l: ase.

Nou dwe reponn apèl ki mande pou nou antirasis aktif epi travay chak jou pou kraze sistèm enjistis sa yo. N ap kontinye pran rezolisyon pou avanse nan egalite kounye a. N ap onore diyite ak imanite chak elèv, paran, edikatè, anplwaye ak manm kominote nou an chak jou.

Kèlkeswa fòm ansèyman ak aprantisaj pran—nan salklas ki fèt ak brik ak mòtye oswa sou aparèy dijital—objektif la rete menm: ofri yon edikasyon ki ekselan pou chak grenn elèv. Pandan n ap fè sa, nou dwe tou toujou chèche mwayen pou kraze rasis nan enstitisyon yo ak ranvèse konsekans li.

Travay sa a sou wout. Li gen ladan aplikasyon pratik reparasyon, trening pou tout edikatè ak anplwaye sou patizànri anbachal, nan ofri sipò pou sante mantal pou lekòl kominote ak lòt ankò. Travay sa a kreye yon konsekans sou lavi timoun epi li gen posiblite pou transfòme sosyete nou an nan fason ki fè mond lan vin pi ansekirite, pi jis ak pi bon pou tout moun.

Lè paegzanp, timoun aprann nan liv ki gen karaktè ak leson ki gen iswa pèp diferan ras, aptitud, sèks, etnsite, lang ak lòt bagay ankò, yo aprann tou pou bay diferans ak divèsite valè. Lè yo ansye elèv ki ankòlè oswa endiye mwayen pou kominike, gen plis chans pou yo pa reyaji sou laperèz ki pa fonde.

Nou p ap ralanti nan travay pou akselere ekite jiskaskè, elèv pa elèv ak lekòl pa lekòl, chanjman an rive. Nou tout bezwen sa, paske rasis pa blese fanmi nwa, mawon oswa azyatik sèlman —li blese nou tout.

Tout moun gen yon wòl pou jwe. Anplis n ap kontinye travay onivo santral, n ap sipòte edikatè avèk resous pou anseye epizòd ki soti nan pase ak nan prezan nou, epizòd kote menm vibrasyon enjistis ak endiyite, manifestasyon pasifik ak vyolans ak destriksyon tou gaye nan vil nou an ak nan sosyete nou an.

Anmenmtan, anpil nan nou deja fè travay sa a lakay oswa nan ofri resous pèsònèl nan efò sa yo—tan w, enèji w, kè w oswa vwa w. Nou wè w epi nou rekonesan pou gwo angajman w. Timoun yo wè ak santi mond ki antoure yo a epi kounye a se yon moman enpòtan pou gide yo pou yo konprann ak angaje nan eksperyans pa yo ak nan pa zanmi, fanmi ak kamarad Nouyòkè yo.

Pi ba a w ap jwenn resous pou ede w kòmanse, kontinye oswa apwofondi konvèsasyon avèk timoun sou rasis ak enjistis. N ap pataje tou resous pou ede avèk estrès, fatig ak swen pèsònèl. Nou dwe raple w anpil nan resous sa yo se pan ou ki fè yo epi yo ka disponib sèlman nan lang anglè. Kòm paran ak moun k ap bay swen, pran swen pèsònèl ou endispansab pou w ka pran swen lòt moun. Nou pral kontinye mete resous yo ajou pandan n ap avanse epi ou ka jwenn yo nan schools.nyc.gov/togetherforjustice

Nou fè m sonje sitasyon sa a ekriyen James Baldwin ekri ki sonnen tèlman nan moman sa a: “Se pa tout bagay w ap rankontre ou ka chanje, men ou pa chanje anyen pazavan ou konfwonte l.” Sa yo se jou kalkil difisil men nou gen opòtinite—ak yon apèl—pou ale pi lwen pou fè fas avèk enjistis.

Ou se asosye ki pi enpòtan pou nou nan edikasyon timoun Vil Nouyòk ak nan konstriksyon yon mond ki meyè. Nou rekonesan anvè w jodi a ak chak jou.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Resous pou diskite avèk pitit ou sou ras ak evènman k ap pase yo:

- [Gid pou fanmi fè konvèsasyon sou George Floyd, Rasis ak Lapolis](#) Lig antidifamasyon (Anti-Defamation League)
- [Pale avèk timoun sou rasis, bonè ak souvan](#) (New York Times)
- [31 liv pou timoun](#) pou sipòte konvèsasyon sou ras, rasis ak rezistans (Embracerace)
- [Vi moun nwa konte epi li toujou konte \(Black Lives Matter Still Matters\)](#) (Ansèyman tolerans)
- [Pale sou ras pou paran ak moun k ap bay swen](#) (National Museum of African American History & Culture)
- [Metè tèt ansanm, leve kanpe kont rasis](#) (Sesame Street)

Resous pou sante mantal pou rezoud pwoblèm estrès ak twomatis:

- [Kontwòl gwo reyaksyon emosyonèl pou twomatis](#) (National Association of School Psychologists)
- [Swen pèsone radikal nan moman estrès rasyal ap ogmante](#) (American Psychological Association)

Sipò sante mantal gratis:

NYC Well pou estaf, elèv ak paran

- Rele: 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)
- Voye tèks mesaj ak mo: WELL nan 65173
- Pale avèk yon moun nan: <https://nycwell.cityofnewyork.us/en/>

N ap kontinye mete resous yo ajou nan schools.nyc.gov/togetherforjustice